Dokiman Rezime Avantaj ak Garanti (SBC) a pral ede w chwazi yon plan sante. SBC a montre w kijan oumenm avèk plan an ap pataje depans pou sèvis swen sante ki garanti yo. NÒT: Y ap bay enfòmasyon sou pri plan sa a (ki rele prim) separeman. Sa a se yon rezime sèlman li ye. Pou plis enfòmasyon sou garanti w la, oswa pou jwenn yon kopi kondisyon konplè garanti a, rele 1-855-828-7715 oswa vizite welcometouhc.com. Pou definisyon jeneral pou tèminoloji komen yo, tankou, montan akseptab, faktirasyon sòld, ko-asirans, kopeman, franchiz, founisè, oswa lòt tèminoloji ki souliye al gade nan Glosè a. Ou ka wè Glosè a nan www.healthcare.gov/sbc-glossary/ oswa rele 1-866-487-2365 pou w mande yon kopi.

Kesyon Enpòtan	Repons	Poukisa Sa a Enpòtan:
Kisa franchiz jeneral la ye?	Rezo: **$500 dola** pou yon Moun / **$1,500 dola** pou Fanmi chak ane almannak.	Jeneralman, se pou w peye tout depans founisè yo jiska montan franchiz la anvan pou plan sa a kòmanse peye. Si ou genyen lòt manm fanmi an sou plan an, chak manm fanmi an dwe satisfè kondisyon pou pwòp franchiz endividyèl pa li jiskaske depans montan total franchiz tout manm fanmi yo peye fin atenn franchiz jeneral fanmi an.
Èske sèvis sa yo garanti anvan ou peye franchiz ou a?	Wi. Yo garanti swen pou prekosyon anvan ou peye franchiz ou a.	Plan sa a garanti sèten atik ak sèvis menm si ou poko peye montan franchiz anyèl la. Men yon kopeman oubyen ko-asirans ka aplikab. Pa egzanp, plan sa a garanti sèten sèvis prekosyon san w pa pataje depans epi anvan w peye franchiz ou a. Al gade lis sèvis ki garanti yo nan www.healthcare.gov/coverage/preventive-care-benefits/
Èske genyen lòt franchiz pou sèvis patikilye?	Non.	Ou pa gen pou w peye franchiz pou sèvis patikilye.
Kisa limit depans avèk lajan pòch la ye pou plan sa a?	Rezo: **$2,000 dola** pou yon Moun / **$6,000 dola** pou Fanmi chak ane almannak.	Limit depans avèk lajan pòch la se maksimòm ou ka peye nan yon ane pou sèvis ki garanti yo. Si ou genyen lòt manm fanmi nan plan sa a, se pou yo fin peye pwòp limit depans avèk lajan pòch pa yo jiskaske limit depans avèk lajan pòch jeneral pou fanmi an fin peye.
Kisa ki pa enkli nan limit depans avèk lajan pòch la?	Prim, frè pou faktirasyon sòld ak swen sante plan sa a pa garanti.	Malgre ou peye depans sa yo, yo paka konte pou limit depans avèk lajan pòch la.
Èske w ap peye mwens si ou itilize yon founisè ki nan rezo a?	Wi. Gade nan myuhc.com oswa rele **1-855-828-7715** pou yon lis founisè ki nan rezo a.	Plan sa a itilize yon rezo founisè. Ou pral peye mwens si ou itilize yon founisè ki nan rezo plan an. Ou pral peye pi plis si ou itilize yon founisè ki pa nan rezo a, e ou ka resevwa yon fakti nan men yon founisè pou diferans ant depans pou founisè a ak sa plan an peye (faktirasyon sòld). Se pou w konnen, founisè ki nan rezo w la ka itilize yon founisè ki pa nan rezo a pou sèten sèvis (tankou egzamen laboratwa). Verifye avèk founisè w la anvan w resevwa sèvis yo.
Èske w bezwen yon referans pou w al wè yon espesyalis?	Wi. Ou bezwen yon referans elektwonik pou al wè yon Espesyalis ki nan Rezo a	Plan sa a pral peye kèk oswa tout depans yo pou wè yon espesyalis pou sèvis ki garanti men sèlman si ou gengyen yon referans anvan w wè espesyalis la.

Tout depans **kopeman** ak **ko-asirans** ki nan tablo sa a se apre w fin peye **franchiz** ou a, si genyen yon **franchiz** pou peye.

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou Ka Bezwen	Kisa Ou Pral Peye			Limitasyon, Eksepsyon ak Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Founisè ki nan Rezo a avèk Referans (W ap peye pi piti montan an)	Founisè ki nan Rezo a san Referans Ou ka peye pi plis)	Founisè ki pa nan rezo a (W ap peye pi gwo montan an)	
Si ou ale nan yon biwo oswa klinik yon founisè swen sante	Vizit swen prensipal pou trete blesi oswa maladi	Kopeman $20 dola pou chak vizit, franchiz pa aplikab.	Pa Garanti	Pa Garanti	Vizit vityèl (Telehealth) - kopeman $20 dola pou chak vizit ak yon Founisè ki nan Rezo pa mwayen Vityèl e ke nou Chwazi, franchiz, pa aplikab. Si ou resevwa sèvis anplisde vizit nan klinik, ka genyen kopeman, franchiz oswa ko-asirans ki aplikab pa egzanp chiriji.
	Vizit kay Espesyalis	Kopeman $40 dola pou chak vizit, franchiz pa aplikab.	Pa Garanti	Pa Garanti	Si ou resevwa sèvis anplisde vizit nan klinik, ka genyen kopeman, franchiz oswa ko-asirans ki aplikab pa egzanp chiriji.
	Swen pou prekosyon/depistaj/ iminizasyon	Pa gen Depans	Pa Garanti	Pa Garanti	Ou ka gen pou peye pou sèvis ki pa pou prekosyon. Mande founisè w la si sèvis ou bezwen yo se pou prekosyon. Apresa verifye pou w wè kisa plan w nan ap peye.
Si ou fè yon egzamen	Tès Dyagnostik (radyografi, analiz sangen)	Pa gen Depans	Pa gen Depans	Pa Garanti	Okenn
	Imajri (eskanografi CT/PET, MRI)	Ko-asirans 0% apre franchiz la	Ko-asirans 0%	Pa Garanti	$100 pou chak enstans franchiz la aplike anvan franchiz jeneral la.
Si ou bezwen medikaman pou trete maladi oswa pwoblèm medikal ou Genyen plis enfòmasyon ki disponib sou pwoteksyon pou medikaman sou preskripsyon nan welcometouhc.com	Nivo 1 – Opsyon Depans Pi Ba a	Detay: Kopeman $15 dola, franchiz pa aplikab. Kòmann pa lapòs: Kopeman $30 dola, franchiz pa aplikab.	Detay: Kopeman $15 dola, franchiz pa aplikab. Kòmann pa lapòs: Kopeman $30 dola, franchiz pa aplikab.	Pa Garanti	Founisè vle di famasi nan seksyon sa a. Detay: Yon kantite medikaman pou jiska 31 jou. Kòmann pa lapòs: Yon kantite medikaman pou jiska 90 jou. Ou ka bezwen jwenn sèten medikaman, tankou sèten medikaman espesyalite, nan yon famasi nou chwazi. Sèten medikaman ka mande yon otorizasyon davans oswa yo ka koute pi chè. Si ou itilize yon famasi ki pa nan rezo (ki gen ladan yon famasi kòmann pa lapòs), ou ka responsab pou nenpòt montan anplis montan ki akseptab la. Sèten medikaman pou prekosyon (ki gen ladan sèten kontraseptif) garanti Gratis. Al gade sou sitwèb ki liste a pou enfòmasyon sou medikaman plan w nan garanti. Yo pa garanti tout medikaman yo. Ou ka oblije itilize yon medikaman ki koute mwen chè anvan avantaj nan kontra w la disponib pou sèten medikaman sou preskripsyon.
	Nivo 2 – Opsyon Depans Mwayen	Detay: Kopeman $35 dola, franchiz pa aplikab. Kòmann pa lapòs: Kopeman $70 dola, fanchiz pa aplikab.	Detay: Kopeman $35 dola, franchiz pa aplikab. Kòmann pa lapòs: Kopeman $70 dola, fanchiz pa aplikab.	Pa Garanti	
	Nivo 3 – Opsyon Depans Mwayen	Detay: Kopeman $60 dola, franchiz pa aplikab. Kòmann pa lapòs: Kopeman $120 dola, franchiz pa aplikab.	Detay: Kopeman $60 dola, franchiz pa aplikab. Kòmann pa lapòs: Kopeman $120 dola, franchiz pa aplikab.	Pa Garanti	

* Pou plis enfòmasyon sou limitasyon ak eksepsyon yo, al gade dokiman plan an oswa kontra a nan welcometouhc.com.

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou Ka Bezwen	Kisa Ou Pral Peye			Limitasyon, Eksepsyon ak Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Founisè ki nan Rezo a avèk Referans (W ap peye pi piti montan an)	Founisè ki nan Rezo a san Referans Ou ka peye pi plis)	Founisè ki pa nan rezo a (W ap peye pi gwo montan an)	
	Nivo 4 – Opsyon Depans Pi Chè a	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab	
Si ou fè chiriji antanke pasyan ki pa entène	Frè etablisman (pa egzanp, sant chiriji anbilatwa)	Ko-asirans 0% apre franchiz la	Pa Garanti	Pa Garanti	$250 dola pou chak enstans franchiz la aplike apre franchiz jeneral la.
	Frè doktè/chirijyen	0% ko-asirans apre franchiz la	Pa Garanti	Pa Garanti	Okenn
Si ou bezwen atansyon medikal tousuit	Swen nan saldijans	Kopeman $250 dola pou chak vizit	Kopeman $250 dola pou chak vizit	* Kopeman $250 dola pou chak vizit	* Franchiz rezo a aplike avan kopeman
	Transpò medikal annijans	Ko-asirans 0%	Ko-asirans 0%	*Ko-asirans 0%	* Franchiz rezo aplikab
	Swen ijan	Kopeman $40 dola pou chak vizit, franchiz pa aplikab.	Kopeman $40 dola pou chak vizit, franchiz pa aplikab.	Pa Garanti	Si ou resevwa sèvis anplisde vizit Swen Ijan, ka genyen kopeman, franchiz oswa ko-asirans ki aplikab pa egzanp chiriji.
Si ou gen pou pase tan nan yon lopital	Frè etablisman (pa egzanp, chanm lopital)	Kopeman $250 dola pa jou pou, jiska yon maksimòm $1,250 dola pou chak admisyon	Pa Garanti	Pa Garanti	Okenn
	Frè doktè/chirijyen	Ko-asirans 0% apre franchiz la	Pa Garanti	Pa Garanti	Okenn
Si ou bezwen sèvis sante mantal, sante konpòtmantal, oswa pou abi sibstans	Sèvis Pasyan ki pa entène	Kopeman $40 dola pou chak vizit, franchiz pa aplikab.	Kopeman $40 dola pou chak vizit, franchiz pa aplikab.	Pa Garanti	Ospitalizasyon pasyèl/tretman entansif antanke pasyan ki pa entène nan Rezo: Kopeman $250 dola pa jou pou, jiska yon maksimòm $1,250 dola pou chak admisyon Al gade dokiman kontra oswa plan w nan pou plis enfòmasyon sou avantaj EAP yo.
	Sèvis Pasyan ki entène	Kopeman $250 dola pa jou pou, jiska yon maksimòm $1,250 dola pou chak admisyon	Pa Garanti	Pa Garanti	Al gade dokiman kontra oswa plan w nan pou plis enfòmasyon sou avantaj EAP yo.

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou Ka Bezwen	Kisa Ou Pral Peye			Limitasyon, Eksepsyon ak Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Founisè ki nan Rezo a avèk Referans (W ap peye pi piti montan an)	Founisè ki nan Rezo a san Referans Ou ka peye pi plis)	Founisè ki pa nan rezo a (W ap peye pi gwo montan an)	
Si ou ansent	Vizit Klinik	Pa gen Depans	Pa gen Depans	Pa Garanti	Pataj depans pa aplikab pou sèvis pou prekosyon. Selon kalite sèvis la yon kopeman, ko-asirans oswa franchiz ka aplikab. Swen matènite ka gen ladan tès ak sèvis ki dekri lòt kote nan SBC a (tankou iltrason.)
	Sèvis pwofesyonèl anfantman/akouchman	Ko-asirans 0%	Pa Garanti	Pa Garanti	
	Sèvis etablisman anfantman/akouchman	Kopeman $250 dola pa jou pou, jiska yon maksimòm $1,250 dola pou chak admisyon	Pa Garanti	Pa Garanti	Okenn
Si ou bezwen èd pou refè oswa si ou gen lòt bezwen sante espesyal	Swen sante nan kay	Ko-asirans 0%	Ko-asirans 0%	Pa Garanti	Limite a 60 vizit pou chak ane almannak.
	Sèvis Reyabilitasyon	Kopeman $20 dola pou chak vizit, franchiz pa aplikab.	Kopeman $20 dola pou chak vizit, franchiz pa aplikab.	Pa Garanti	Limit pou chak ane almannak. Terapi Fizik, Èg oterapi, Okipasyonèl, Pilmonè: 20 vizit chak; Kadyak: 36 vizit
	Sèvis adaptasyon	Kopeman $20 dola pou chak vizit, franchiz pa aplikab.	Kopeman $20 dola pou chak vizit, franchiz pa aplikab.	Pa Garanti	Yo bay sèvis yo anba epi limit yo konbine avèk Sèvis Reyabilitasyon pi wo a. Pa gen limit ki aplikab pou tretman Sèvis Seri Twoub Otis.
	Swen enfimyè espesyalize	Ko-asirans 0%	Ko-asirans 0%	Pa Garanti	Limite a 60 jou pou chak ane almannak (ki konbine ak reyabilitasyon antanke pasyan ki entène).
	Ekipman medikal dirab	Ko-asirans 0%	Ko-asirans 0%	Pa Garanti	Garanti 1 pou chak kalite DME (ki gen ladan reparasyon/ranplasman) chak 3 zan.
	Sèvis ospis	Kopeman $250 dola pa jou pou, jiska yon maksimòm $1250 dola pou chak admisyon	Ko-asirans 0%	Pa Garanti	Apre franchiz anyèl.
Si pitit ou a bezwen swen dantè oswa swen zye	Egzamen vizyon pou timoun	Pa Garanti	Pa Garanti	Pa Garanti	Pa gen garanti pou egzamen zye pou Timoun.
	Linèt pou timoun	Pa Garanti	Pa Garanti	Pa Garanti	Pa gen garanti pou linèt pou Timoun.
	Tchekòp dantè pou Timoun	Pa Garanti	Pa Garanti	Pa Garanti	Pa gen garanti pou tchekòp Dantè pou Timoun.

Sèvis ki Eskli ak Lòt Sèvis ki Garanti:

Jeneralman Sèvis Plan w lan PA Garanti (Verifye kontra oswa dokiman plan w lan pou plis enfòmasyon ak yon lis nenpòt lòt sèvis ki eskli.)

- Akiponkti
- Chiriji baryatrik
- Chiriji estetik
- Swen dantè
- Linèt
- Tretman enfètilite
- Swen alontèm
- Swen nan ka ki pa ijan lè w ap vwayaje andeyò - Etazini
- Sèvis enfimyè prive
- Swen woutin pou zye
- Swen woutin pou pye - Eksepte sa ki garanti pou Dyabèt
- Pwogram pou pèdi pwa

Lòt Sèvis ki Garanti (Limitasyon ka aplikab pou sèvis sa yo. Lis sa a pa konplè. Tanpri gade dokiman plan w lan.)

- Kiwopraksi (Swen manipilatif) - 20 vizit pou chak ane almannak
- Aparèy pou tande - $2,500 dola pou chak ane almannak

Dwa w yo pou Kontinye Pwoteksyon an: Sa yo se ajans ki ka ede si ou vle kontinye pwoteksyon w nan apre li fini. Enfòmasyon pou kontakte ajans sa yo se: Depatman Travay Etazini (U.S. Department of Labor), Administrasyon Sekirite Avantaj pou Anplwaye (Employee Benefits Security Administration) nan 1-866-444-3272 oubyen www.dol.gov/ebsa, oubyen Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) nan 1-877-267-2323 ekstansyon 61565 oubyen .www.cciio.cms.gov Lòt opsyon pou pwoteksyon ka disponib pou ou tou, tankou acha pwoteksyon asirans endividyèl nan Health Insurance Marketplace la. Pou plis enfòmasyon sou Marketplace la, vizite www.HealthCare.gov oubyen rele 1-800-318-2596.

Dwa w yo pou Doleyans ak Apèl: Genyen ajans ki kapab ede w si ou genyen yon plent kont plan w lan pou yon reklamasyon yo refize. Kalite plent sa a rele yon doleyans oubyen apèl. Pou plis enfòmasyon sou dwa w yo, gade nan eksplikasyon avantaj yo ke w pral resevwa pou reklamasyon medikal sa a. Dokiman plan w yo bay enfòmasyon konplè tou sou kijan pou w soumèt yon reklamasyon, apèl, oubyen yon doleyans pou nenpòt rezon bay plan w lan. Pou plis enfòmasyon sou dwa w yo, sou avi sa a, oswa pou asistans, kontakte nimewo Sèvis Manm nan ki liste sou do kat ID w la oswa myuhc.com oubyen Administrasyon pou Avantaj Sekirite Anplwaye a (Employee Benefits Security Administration) nan 1-866-444-3272 swa dol.gov/ebsa/healthreform oubyen Depatman Sèvis Finansye Florida (Florida Department of Financial Services) nan 1-877-693-5236 oubyen myfloridacfo.com

Èske plan sa a bay Pwoteksyon Esansyèl Minimòm? **Wi**
Si ou pa genyen Pwoteksyon Esansyèl Minimòm pandan yon mwa, w ap gen pou w fè yon peman lè w ranpli deklarasyon revni ou amwenske w kalifye pou yon egzanpsyon pou kondisyon ke w dwe genyen pwoteksyon sante pou mwa sa a.

Èske plan sa a reponn a Estanda Valè Minimòm yo? **Wi**
Si plan w nan pa reponn a, Estanda Valè Minimòm yo ou kapab kalifye pou yon kredi taks sou prim pou ede w peye pou yon plan atravè Marketplace

Sèvis Aksè pou Lang:
Spanish (Español): Para obtener asistencia en Español, llame al 1-855-828-7715.
Tagalog (Tagalog): Kung kailangan ninyo ang tulong sa Tagalog tumawag sa 1-855-828-7715.
Chinese（中文）：如果需要中文的帮助，请拨打这个号码 1-855-828-7715.
Navajo (Dine): Dinek'ehgo shika at'ohwol ninisingo, kwiijigo holne' 1-855-828-7715.

———————————*Pou wè egzanp sou kijan plan sa a kapab garanti depans pou yon egzanp sitiyasyon medikal, gade pwochen seksyon an.*———————————

* Pou plis enfòmasyon sou limitasyon ak eksepsyon yo, al gade dokiman plan an oswa kontra a nan welcometouhc.com.

Enfòmasyon sou Egzanp Pwoteksyon sa yo:

Sa a se pa yon estimatè depans. Tretman yo montre yo se senp egzanp kijan plan sa a kapab garanti swen medikal. Depans reyèl ou yo ap diferan dapre swen reyèl ke w resevwa yo, depans pou sa founisè yo faktire, ak anpil lòt faktè. Konsantre sou montan pataj depans yo (franchiz, kopeman ak ko-asirans) epi sèvis ki ekskli yo dapre plan an. Sèvi ak enfòmasyon sa a pou w konpare pòsyon nan depans ou ka peye yo anba diferan plan sante. Tanpri note ke egzanp pwoteksyon sa yo baze sou pwoteksyon pou tèt ou sèlman.

Peg ap Akouche yon Tibebe
(9 mwa swen prenatal nan rezo a ak yon akouchman nan lopital)

- **Franchiz jeneral plan an** **$500 dola**
- **Kopeman espesyalis** **$40 dola**
- **Kopeman (etablisman) lopital** **$250 dola**
- **Lòt ko-asirans** **0%**

EGZANP sa a menm gen ladan sèvis tankou:
Vizit klinik espesyalis *(swen prenatal)*
Sèvis Pwofesyonèl Anfantman/Akouchman
Sèvis Etablisman Anfantman/Akouchman
Tès Dyagnostik *(iltrason ak analiz sangen)*
Vizit espesyalis *(anestezi)*

Depans Total pou Egzanp lan	**$12,800 dola**

Nan egzanp sa a, Peg t ap peye:

Pataj depans	
Franchiz	$500 dola
Kopeman	$300 dola
Ko-asirans	$0 dola
Sa ki pa garanti	
Limit oswa sa plan an pa garanti	$60 dola
Total Peg t ap peye se	**$860 dola**

Fason pou Joe kontwole Dyabèt tip 2 li a
(yon ane swen woutin nan rezo pou yon pwoblèm ki byen kontwole)

- **Franchiz jeneral plan an** **$500 dola**
- **Kopeman espesyalis** **$40 dola**
- **Kopeman (etablisman) lopital** **$250 dola**
- **Lòt ko-asirans** **0%**

EGZANP sa a menm gen ladan sèvis tankou:
Vizit nan klinik doktè swen prensipal *(ki gen ladan edikasyon pou maladi)*
Tès Dyagnostik *(analiz sangen)*
Medikaman sou preskripsyon
Ekipman medikal dirab *(glikomèt)*

Depans Total pou Egzanp lan	**$7,400 dola**

Nan egzanp sa a, Joe t ap peye:

Pataj depans	
Franchiz	$200 dola
Kopeman	$1,400 dola
Ko-asirans	$0 dola
Sa ki pa garanti	
Limit oswa sa plan an pa garanti	$30 dola
Total Joe t ap peye se	**$1,630 dola**

Frakti Senp Mia a
(Vizit nan sal dijans nan rezo ak swen pou suivi)

- **Franchiz jeneral plan an** **$500 dola**
- **Kopeman espesyalis** **$40 dola**
- **Kopeman (etablisman) lopital** **$250 dola**
- **Lòt ko-asirans** **0%**

EGZANP sa a menm gen ladan sèvis tankou:
Swen nan saldijans *(ki gen ladann materyèl medikal)*
Tès Dyagnostik *(radyografi)*
Ekipman medikal dirab *(bekiy)*
Sèvis Reyabilitasyon *(terapi fizik)*

Depans Total pou Egzanp lan	**$1,900 dola**

Nan egzanp sa a, Mia t ap peye:

Pataj depans	
Franchiz	$500 dola
Kopeman	$400 dola
Ko-asirans	$0 dola
Sa ki pa garanti	
Limit oswa sa plan an pa garanti	$0 dola
Total Mia t ap peye se	**$900 dola**

EIFL18CO4383622_000
10/2018

We do not treat members differently because of sex, age, race, color, disability or national origin.

If you think you were treated unfairly because of your sex, age, race, color, disability or national origin, you can send a complaint to the Civil Rights Coordinator.
Online: UHC_Civil_Rights@uhc.com
Mail: Civil Rights Coordinator. UnitedHealthcare Civil Rights Grievance. P.O. Box 30608 Salt Lake City, UTAH 84130

You must send the complaint within 60 days of when you found out about it. A decision will be sent to you within 30 days. If you disagree with the decision, you have 15 days to ask us to look at it again.
If you need help with your complaint, please call the toll-free number listed within this Summary of Benefits and Coverage (SBC) , TTY 711, Monday through Friday, 8 a.m. to 8 p.m.

You can also file a complaint with the U.S. Dept. of Health and Human Services.
Online: https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf
Complaint forms are available at http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html.
Phone: Toll-free 1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)
Mail: U.S. Dept. of Health and Human Services. 200 Independence Avenue, SW Room 509F, HHH Building Washington, D.C. 20201

We provide free services to help you communicate with us. Such as, letters in other languages or large print. Or, you can ask for an interpreter. To ask for help, please call the number contained within this Summary of Benefits and Coverage (SBC), TTY 711, Monday through Friday, 8 a.m. to 8 p.m.

ATENCIÓN: Si habla **español (Spanish)**, hay servicios de asistencia de idiomas, sin cargo, a su disposición. Llame al número gratuito que aparece en este Resumen de Beneficios y Cobertura (Summary of Benefits and Coverage, SBC).

請注意：如果您說**中文 (Chinese)**，我們免費為您提供語言協助服務。請撥打本福利和承保摘要 (Summary of Benefits and Coverage, SBC) 內所列的免付費電話號碼。

XIN LƯU Ý: Nếu quý vị nói **tiếng Việt (Vietnamese)**, quý vị sẽ được cung cấp dịch vụ trợ giúp về ngôn ngữ miễn phí. Vui lòng gọi số điện thoại miễn phí ghi trong bản Tóm lược về quyền lợi và đài thọ bảo hiểm (Summary of Benefits and Coverage, SBC) này.

알림: **한국어(Korean)**를 사용하시는 경우 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 본 혜택 및 보장 요약서(Summary of Benefits and Coverage, SBC)에 기재된 무료 전화번호로 전화하십시오.

PAUNAWA: Kung nagsasalita ka ng **Tagalog (Tagalog)**, may makukuha kang mga libreng serbisyo ng tulong sa wika. Pakitawagan ang toll-free na numerong nakalista sa Buod na ito ng Mga Benepisyo at Saklaw (Summary of Benefits and Coverage o SBC).

ВНИМАНИЕ: бесплатные услуги перевода доступны для людей, чей родной язык является **русским (Russian)**. Позвоните по бесплатному номеру телефона, указанному в данном «Обзоре льгот и покрытия» (Summary of Benefits and Coverage, SBC).

تنبيه: إذا كنت تتحدث **العربية (Arabic)**، فإن خدمات المساعدة اللغوية المجانية متاحة لك. يُرجى الاتصال برقم الهاتف المجاني المدرج بداخل مخلص المزايا والتغطية (Summary of Benefits and Coverage، SBC) هذا.

ATANSYON: Si w pale **Kreyòl ayisyen (Haitian Creole)**, ou kapab benefisye sèvis ki gratis pou ede w nan lang pa w. Tanpri rele nimewo gratis ki nan Rezime avantaj ak pwoteksyon sa a (Summary of Benefits and Coverage, SBC).

ATTENTION : Si vous parlez **français (French)**, des services d’aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Veuillez appeler le numéro sans frais figurant dans ce Sommaire des prestations et de la couverture (Summary of Benefits and Coverage, SBC).

UWAGA: Jeżeli mówisz po **polsku (Polish)**, udostępniliśmy darmowe usługi tłumacza. Prosimy zadzwonić pod bezpłatny numer podany w niniejszym Zestawieniu świadczeń i refundacji (Summary of Benefits and Coverage, SBC).

ATENÇÃO: Se você fala **português (Portuguese)**, contate o serviço de assistência de idiomas gratuito. Ligue para o número gratuito listado neste Resumo de Benefícios e Cobertura (Summary of Benefits and Coverage - SBC).

ATTENZIONE: in caso la lingua parlata sia l’**italiano (Italian)**, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Chiamate il numero verde indicato all'interno di questo Sommario dei Benefit e della Copertura (Summary of Benefits and Coverage, SBC).

ACHTUNG: Falls Sie **Deutsch (German)** sprechen, stehen Ihnen kostenlos sprachliche Hilfsdienstleistungen zur Verfügung. Bitte rufen Sie die in dieser Zusammenfassung der Leistungen und Kostenübernahmen (Summary of Benefits and Coverage, SBC) angegebene gebührenfreie Rufnummer an.

注意事項：**日本語 (Japanese)** を話される場合、無料の言語支援サービスをご利用いただけます。本「保障および給付の概要」(Summary of Benefits and Coverage, SBC) に記載されているフリーダイヤルにてお電話ください。

توجه: اگر زبان شما **فارسی (Farsi)** است، خدمات امداد زبانی به طور رایگان در اختیار شما می باشد. لطفاً با شماره تلفن رایگان ذکر شده در این خلاصه مزایا و پوشش (Summary of Benefits and Coverage, SBC) تماس بگیرید.

ध्यान दें: यदि आप **हिंदी (Hindi)** बोलते है, आपको भाषा सहायता सेवाएँ, नि:शुल्क उपलब्ध हैं। लाभ और कवरेज (Summary of Benefits and Coverage, SBC) के इस सारांश के भीतर सूचीबद्ध टोल फ्री नंबर पर कॉल करें।

CEEB TOOM: Yog koj hais Lus **Hmoob (Hmong)**, muaj kev pab txhais lus pub dawb rau koj. Thov hu rau tus xov tooj hu dawb teev muaj nyob ntawm Tsab Ntawv Nthuav Qhia Cov Txiaj Ntsim Zoo thiab Kev Kam Them Nqi (Summary of Benefits and Coverage, SBC) no.

ចំណាប់អារម្មណ៍: បើសិនអ្នកនិយាយ**ភាសាខ្មែរ (Khmer)** សេវាជំនួយភាសាដោយឥតគិតថ្លៃ គឺមានសំរាប់អ្នក។ សូមទូរស័ព្ទទៅលេខឥតចេញថ្លៃ ដែលមានកត់នៅក្នុង សេចក្តីសង្ខេបអត្ថប្រយោជន៍ និង ការ៉ាបង់រង (Summary of Benefits and Coverage, SBC) នេះ។

PAKDAAR: Nu saritaem ti **Ilocano (Ilocano)**, ti serbisyo para ti baddang ti lengguahe nga awanan bayadna, ket sidadaan para kenyam. Maidawat nga awagan ti awan bayad na nu tawagan nga numero nga nakalista iti uneg na daytoy nga Dagup dagiti Benipisyo ken Pannakasakup (Summary of Benefits and Coverage, SBC).

DÍÍ BAA'ÁKONÍNÍZIN: **Diné (Navajo)** bizaad bee yáníłti'go, saad bee áka'anída'awo'ígíí, t'áá jíík'eh, bee ná'ahóót'i'. T'áá shǫǫdí Naaltsoos Bee 'Aa'áhayání dóó Bee 'Ak'é'asti' Bee Baa Hane'í (Summary of Benefits and Coverage, SBC) biyi' t'áá jíík'ehgo béésh bee hane'í biká'ígíí bee hodíilnih.

OGOW: Haddii aad ku hadasho **Soomaali (Somali)**, adeegyada taageerada luqadda, oo bilaash ah, ayaad heli kartaa. Fadlan wac lambarka bilaashka ah ee ku yaalla Soo-koobitaanka Dheefaha iyo Caymiska (Summary of Benefits and Coverage, SBC).